**दिन—गुरूवार** **दिनांक—25.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

विधानसभाक मॉनसून सत्रक तेसर दिन के कार्यवाही सेहो विपक्षी दल सभक हंगामा के कारण प्रभावित भेल। राजद, कांग्रेस आ वामदल के सदस्य लोकनि अपराध, भ्रष्टाचार, युवा कांग्रेसक कार्यकर्ता लोकनि पर पटना मे भेल लाठी चार्ज तथा आन मुद्दा के लऽकऽ आइ सदनक बाहर आ भीतर जमिकऽ हंगामा कयलनि। सदनक कार्यवाही शुरू होयतहि विपक्षी सदस्य लोकनि सदनक बीचोबीच आबिकऽ सरकारक विरूद्ध नाराबाजी करऽ लगलाह। कतेको काल धरि नारबाजी कयलाक बाद महागठबंधन के सदस्य लोकनि सदनक मध्य बैसि गेलाह आ समानान्तर विधानसभा के संचालनक प्रयास सेहो कयलनि। एहि दरमियान सीपीआई माले के महबूब आलम एक कुर्सी पर बैसिकऽ पैरलल सदनक संचालन करैत देखल गेलाह। विधानसभा अध्यक्ष नन्दकिशोर यादव हंगामा कऽ रहल सदस्य लोकनि के बेर—बेर शांत करेबाक प्रयास कयलनि आ कार्रवाई के चेतावनी सेहो देलनि। जकर कोनो असरि नहि भेल। हंगामा के कारण सदनक कार्यवाही बाधित रहल। जखनकि अध्यक्ष भोजनावकाश सँ पहिने प्रश्नकाल, शून्यकाल आ आन विधायी काज  बीच हंगाम मे पूरा करौलनि। एम्हर, भोजनावकाश के बाद सदनक कार्यवाही प्रथम अनुपूरक बजट पर चर्चा के संग शुरू भेल। विपक्षी दल सभक सदस्य लोकनि पुनः सदनक बीचोबीच आबिकऽ हंगामा शुरू कऽ देलनि।

---

कृषि मंत्री मंगल पांडेय कहलनि अछि जे चालू वित्त वर्षक दरमियान राज्य मे दस लाख नव किसान क्रेडिट कार्ड जारी कयल जायत। विधानसभा मे आइ भाजपा के विजय कुमार खेमका के एक प्रश्नक उत्तर मे कृषि मंत्री कहलनि जे राज्य मे एखन चालीस लाख किसान सभक लऽग किसान क्रेडिट कार्ड अछि। श्री पांडेय कहलनि जे राज्य स्तरीय बैंकर कमिटी के बैसक मे बैंक सभ के किसान क्रेडिट कार्ड जारी करबाक लेल कहल गेल अछि।

---

राज्यक सकल घरेलू उत्पाद मे वित्तीय वर्ष दू हजार बाईस–तेईस मे वर्ष एकैस–बाईसक तुलना मे पन्द्रह दशमलव पाँच–पाँच प्रतिशत के वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। एहि अवधि मे राज्यक राजकोषीय घाटा बढिकऽ एगारह हजार दू सय अट्ठासी करोड़ टाका सँ बेसी भऽ गेल। भारतक नियंत्रक आ महालेखा परीक्षक के बिहार विधानमंडलक समक्ष प्रस्तुत वार्षिक लेखा परीक्षण रिपोर्ट मे ई तथ्य सोझा आयल अछि।

————————————————————

निगरानी जाँच ब्यूरो पटना मे पैघ कार्रवाई करैत कृषि विभागक संयुक्त निदेशक विभु विद्यार्थी के तीन लाख टाका रिश्वत लैत रंगे हाथ गिरफ्तार कऽ लेलक अछि। टीम विभागक प्रधान लिपिक सत्य नारायण कुमार के सेहो गिरफ्तार कऽ लेलक अछि।

————————————————————

मौसम विभाग आइ आ काल्हि नवादा, नालंदा, गया, औरंगाबाद, रोहतास, कैमूर, बक्सर आ सीवान सहित राज्यक उत्तर–पश्चिम, दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे कतेको ठाम ठनका खसबाक चेतावनी जारी कयलक अछि। एम्हर, विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार राज्यक बेसीतर भाग मे अगिला चारि दिन धरि हल्का सँ मध्यम वर्षा भऽ सकैत अछि।

————————————————————

राज्यक उत्तर–पश्चिम आ दक्षिण–पश्चिम भाग मे वर्षा के कारण गंडक, बूढ़ी गंडक, बागमती, कोसी आ अधवारा समूह के नदी सभ मे कतेको ठाम वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंडक नदी के जलस्तर पश्चिम चंपारण के चटिया मे बढि रहल अछि। ओतहि नदी के जलस्तर गोपालगंज के डुमरियाघाट मे खतराक निशान सँ लगभग तीस सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि। बागमती नदी के जलस्तर मे मुजफ्फरपुर के बेनीबाद मे वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। एतऽ नदी के जलस्तर खतराक निशान सँ लगभग आधा मीटर ऊपर दर्ज कयल गेल। अधवारा समूहक नदी के जलस्तर दरभंगाक एकमीघाट मे बढि रहल अछि। एम्हर, कोसी नदी के जलस्तर खगड़िया के बलतारा मे लाल निशान सँ ऊपर दर्ज कयल गेल अछि।

————————————————————

सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव बिहारक दू सामुदायिक रेडियो स्टेशन के पुरस्कृत करबाक घोषणा कयलनि अछि। विषय आधारित श्रेणी मे टेक सखी कार्यक्रमक लेल सारण–जिलाक रेडियो मयूर के प्रथम पुरस्कार देल जायत। ओतहि, स्थानीय संस्कृति के प्रोत्साहन देबाक लेल भागलपुर के रेडियो एक्टिव के तेसर पुरस्कार देल जायत। रेडियो एक्टिव के ई पुरस्कार अंग प्रदेशक अद्भूत धरोहर कार्यक्रमक लेल देल जायत। प्रथम पुरस्कारक रूप मे एक लाख आ तेसर पुरस्कारक रूप मे पचास हजार टाका के नगद राशि देल जायत अछि।

———————————————————————

आइ मौना पंचमी अछि। मिथिलांचक एहि प्रसिद्ध पावनि मे कऽ विषहरा के विशेष रूप सँ पूजा–अर्चना कयल जायत अछि। जाहि मे हुनका दुध–लाबा, नीमक–पात आ नेबो के संग आनो–आन बहुत रास वस्तु सभ सँ माँ विषहरा के अराधना कयल जायत अछि। संगहि, खीर, घोरजाउर सेहो बनैत अछि। पन्द्रह दिन धरि चलऽवला एहि पावनि मे नवविवाहिता लोकनिक पावनि मधुश्रावणी सेहो आइये सँ शुरू भऽ गेल अछि। एहि पावनि मे नव विवाहिता लोकनि अपन सुहागक रक्षाक लेल पन्द्रह दिन धरि पूरा नियम निष्ठा के संग फूल–पात लोढैत छथि आ गौरीशंकर के संगहि विषहरा के सेहो पूजा बासी फूल सँ करैत छथि।

———————————————————————

सहरसा जिलाक महिषी प्रखंडक मनोवर गाम मे पोखरि मे स्नान करबाक दरमियान डूबि गेला सँ तीन बच्ची के मृत्यु भऽ गेल।

———————————————————————

सारण जिला मे आयुष्मान कार्ड बनेबाक लेल अठारह जुलाई सँ चलाओल जा रहल विशेष अभियानक अंतर्गत एखन धरि बत्तीस हजार नव लाभार्थी लोकनि कार्ड बनाओल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त